

# Fon Soulajman Lwaye Komèsyal pou COVID-19

Majistra Walsh te mete Fon Biznis Sètifye a pou ede biznis sètifye ki afekte dirèkteman pa pandemi COVID-19 la. Nouvo fon sa a, administre ak jere pa Biwo Devlopman Ekonomik Majistra - Office of Economic Development (OED), **pral kòmanse aksepte aplikasyon nan Lendi 16 Novanm 2020. Aplikasyon yo ap fèmen nan Lendi 23 Novanm a 9am.**

**Pou Fon sa a, yo pral define yon "biznis sètifye" tankou yon antite k ap fè pwofi ki:**

- Gen yon biznis ki aktif nan Vil Boston;
- Te sètifye nan dat 1ye Oktòb 2020 kòm;
  - o yon biznis minorite posede (MBE)
  - o yon biznis yon fanm posede (WBE),
  - o yon ti biznis lokal (SLBE), ak/oswa
  - o yon ti biznis veteran posede (VOSBE)
- te sètifye nan Biwo Divèsite Founisè Massachusetts - Massachusetts Supplier Diversity (SDO) oswa te sètifye nan Vil Boston;
- Dwe an règ avèk Vil la; e
- Dwe bay dokiman ki pou apiye depans sibvansyon yo.

**Enfòmasyon siplemantè ki nesèsè pou peman:**

- Pwopriyetè biznis ki pa aktyèlman [anrejistre kòm yon vandè](#) pou Vil Boston pral bezwen enskri pandan pwosesis aplikasyon an pou yok a resevwa peman.

**Fon an pral pèmèt biznis yo:**

- Aplike yon pwosesis aplikasyon senp, rasyonnalize;
- Aksè nan asistans finansye san yo pa aksepte dèt siplemantè; ak
- Resevwa fon sibvansyon enpòtan rapid pou adrese pri lwaye, dèt fiks, pewòl, kont peyab, pèdi lavant, pèt opòtinite, ak lòt depans kapital travay.

**Pou plis enfòmasyon ak asistans siplemantè, tanpri gade:**

- Sitwèb Fon Biznis ki Sètifye - Certified Business Fund: [boston.gov/certified-fund](https://boston.gov/certified-fund)
- Kesyon enskripsyon machann Vil Boston: [procurement@boston.gov](mailto:procurement@boston.gov)
- Pou tout lòt aplikasyon oswa kesyon ki gen rapò ak fon, kontakte Stacey Williams nan [stacey.williams@boston.gov](mailto:stacey.williams@boston.gov)